

Pembantoe sareng
agen:
Priangan koelon
Bestuur Pasoendan
Bogor.

di Tjandjoer
Bestuur Pasoendan
Tjandjoer.

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dititik di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng
agen:
Priangan wetan
Bestuur Pasoendan
Tjiamis.

Djawa wetan
Bestuur Tjabang
Pasoendan.
Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie:
Heerenstraat 31.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redakteur:
SOETISNA SENDJAJA
ATMAWINATA
Redakteur di Batawi
SOERADIRADJA.

Directie: Administratie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangao ADVERTENTIE:
 $\frac{1}{10}$ katja f 2,- }
 $\frac{1}{32}$ " f 1,25 } Sakali moeat
Langganan langkoeng mirah.

LOTERIJ PASOENDAN DI TASIKMALAJA.

(Bisloeit Goepnoer West-Java (Pasoeendan) dd. 18 December 1925 No. 7 sareng dd. 18 Maart 1926. No. 2).
Dinten Minggoe ping 13 Juni 1926 lotre "Pasoeendau" di Tasikmalaja parantos diboeuka di societieit Kaweningan Mitra, ngawitau taboeh 10 eudjing.
Noe dibenoem djadi koemisi koe Toean Resident Priangan Wetan pikeun nalingakeun meokana eta lotre, njaeta djuegaran Patih Tasikmalaja sareng Toean polisiopsiner Kota.
Noe kenging prijs enggal tandak pijsna ka Toko Pasoendan Tasikmalaja Stationsweg No. 33, atunapi oepami tebih enggal ngawitauan sareng lotna kintoankeun ka Bestuur Pasoendan Tasikmalaja ladjeng engke pijsna dibesteikeun.
Tina eta kedah masih in adres noe tetela.
Ieu di handap nomer-nomer lot noe kenging pijs tea.
Trekkinglijst Loterij Pasoendan dd. 13 Juni 1926.
di Soos Kaweningan Mitra Tasikmalaja.
1e Prij: kareta mesin No. 312.
2e " Erlodji mas " 170.
3e " Tempat sirih " 467.
Koper besi No. 389, 49, 351, 876.
Triko bakal badjeu laki-laki No. 516, 998, 661, 155, 185, 589, 951, 995.
Sapatoe pantek No. 710, 23, 325, 494, 364, 455, 379, 10, 959, 676.
Badjeu prampoean Paris No. 206, 906, 341, 239, 812, 864, 440, 130, 45, 60.
Badjeu laki-laki linen No. 250, 601, 189, 564, 201, 922, 269, 69, 47, 205.
Het Bestuur.

Tata pertogkanna doeit.

Bisa djadi keur sabagian noe matja Sipatahoenan saroea djeung ngabedjau beoelo toer, tapi lantaran lolobana teu bisa basa Walanda, toeroeg-toeroeg katjida peroesna dinatja koe oerang Soenda, si Leutik, koering ngahadja njeudakeun verslag koem poelan bisir Java-Suikerwerkgeversbond (koempoelan pabrik goela) noe aja dina vrijs. Weekblad no. 17 boelan ieu Juni tanggal 11.
Noe dipalar taja lisa soepaja oerang rea bisa terang tata pertogkanna na kaum seljen sangkan meunang pangaroeh noe gede, sapaaragi; ka djea perkara, soepja bisa ngabedjakeun sipat tina dat, lahir tina batin wadah tina eusia. Sangkan kanyahoan kabektianana babasan kolot; boedi santri, legeg lebe, ari lampah leuwih leuwih.
Sangkan tarerang, koemaha hadjaba na batoer, djalanana, soepaja bisa katepi noe diulip, laksana anoed disedia malak mandar ari geus matja eta verslag, balalik pikir njaho, jen oerang rea di . . . jah diheureuykeun, dipake parabut makeloed.
Moedah-moedahan oepama aja koempoelan anjar noe make ngaran-ngaran basa Arab tjara noe kaseboet dina verslag, atawa koempoelan-koempoelan noe ditongton koe menak, celah djol-djol ditarima kalawan ka-goembiraan, tapi koedoe dipelong di ileng heula, dioedji noe bener, bisi kedok Ardoena, batinna Dorna.
Mangga geura baratja, tapi teu tjoekep koe watjana bae woengkoel, koedoe dilenjeuwan sing titih, sing rintih, boeak balik masing apik.

Baou geura reungeu:
Java - Suikerwerkgeversbond.
(Pagoeojeban noe baroga pabrik goela di P. Djawa).
Notulen vergadering bestuur Java Suikerwerkgeversbond, noe dijakeun tanggal 10 Maart 1926 poekoeti 11 beurang di Kantor Syndicaat.
Noe darataug:
Mr. Dr. Talma, Voorzitter.
J. H. H. Schuurman, wakil Ned. Handelsmij, ondervoorzitter.
A. van der Eijk wakil Handels Vereeniging Amsterdam (H. V. A. tea), lid.
J. C. Heijstra wakil de Ned. Ind. Landbouw Mij lid.
Mr. J. J. Tichelaar Chef der Economische Statistische Afdeling lid.
J. van Holst Pellekaan, 2e secretaris.

Voorzitter moeka vergadering sarta teroes ngabarempoegkeun punt kahidji tina agenda, njaeta bab llandsche propaganda pagoeojeban P. E. B. bagian Departement Djawa Wetan.

Voorzitter ngabedjakeun geus meunang panoehoen ti P. E. B. bagian Djawa wetan, soepaja dina bestuure-vergadering (Java Suikerwerkgeversbond) koe Secretaris propagandist P. E. B. Toean Tideman, diterangkan hal propaganda ka bangsa priboeimi noe maksodna minangka ngalawan an bodjanna Communisten djeung soepaja boga pangaroeh dina ngajakoun raad kaboepaten djeung raad Provincie engke kahareup. Timbangan voorzitter ieu panoesoen koedoe didangne tapi samemeuh ngagan toean Tideman datang kana vergadering, hajang terang heula koemaha timbangan lid lid noe sedjen.

Pamikir mauehna sing saha noe ngaharep kana beres djalanana roepa-roepa perkara, nja keur goela, nja keur onderneming-onderneming di pagenoengan (teh, kina dj. s. t.) keur minjak tanah, keur bako, keur padagang-padagang noe gede noe ngaditaugeu nbarang-barang (importeurs) keur noe karitoe, ngajakoun raad-raad teh (saha-sahana noe djadi lid. vert.) hidji perkara noe penting Lain bae noe koedoe djaradi elid teh noe daraek mantoe ka oerang (wolge zinde elementen) tapi koedoe didjaga soepaja djelema-djelema noe teu sahaloean (politieke tegenstanders) oelah bisa djadi elid.

Koelantaran lolobana noe djadi elid teh bangsa priboeimi, toer dipilihna saenja enjana koe sakabeh bangsa priboeimi, oge awewe, toeroeg-toeroeg bangsa Communisten saktioe garetolna digawena, bisa djadi engke kaom-kaom noe pangketutana bisa arasoep djadi elid.
Meudjehna pisan oepama ti ajeuna babadaman pangaroeh noe rios, kono oepama ngingetkeun jen eta Raad-raad kaboepaten teh djeung gemeenteraad-gemeenteraad engke noe bakal milih Prov. Raad.

T. v. d. Eijk ngahaminan, enja perkara noe penting sarta meuta kateraungan bab elid-elid Raad Kaboepaten (samenstelling der Reg. raden)

Toel-vej voorzitter njeboet tjonto, oepamana Raad kaboepaten Bandoeng (li Prov. Pasoeendan. Tina elid 35, 23 bangsa Priboeimi. noe panglotana 18 dipilih koe rahajat, Lid-lid bangsa Priboeimi, noe sedjea dieneoem kitoe deui elid Walanda: noe 10 djeung bangsa Asing wetan 2. Tah koe lantaran ieu meanderheid (panglobana), djadi bangsa Priboeimi gede pangaroeh na dina waktoe milih Prov. Raad Pasoendan. Ti antara elid Prov. noe 45 18 elid bangsa Priboeimi beunang milih. Ari tatandingan sakabehna njaeta

20 Walanda, 20 bangsa Priboeimi 5 bangsa Asing wetan.
Tjeuk voorzitter, teu aja halanganana bangsa B. B. asoep djadi elid, sabab bisana maranehanana sok naroesoeng Teroes manehna njeboetkeun jen roeroesoehan teuing rek ngajakeun Prov. anjar, sarta mere teraug dina waktoe koempoelan Volksraad manehna geus nerangkeun, jen ajana Prov. atjan dina waktoena.

Panaujaan toean Heidstra, naon kawadjabana Raad kaboepaten, koe voorzitter di jawab: Ari kawadjabana na tatjau tetela wates wangunna; Roepa-roepa perkara noe masih kenah dilalanneun koe badan-badan noe sahaloeoreunana Paraudene kitoe oelah piko kana omonganana Prof. Stibbe, jen Raad kaboepateu teh koedoe disaroakeun djeung gemeente-gemeente di Nagri.

Tjeuk timbangan voorzitter propa ganda noe dimaksod koe P. E. B. Djawa wetan meunang perloe, tapi koedoe aja onkosna sarta eta onkos, teuk noe njarita, oelah nganti pabrik pabrik goela bae woengkoel, Noe sedjen oge, noe disoectan tadi (bako, minalak, dj. dj. t. e.) perloe ngabantoe. Sabab di dieu lain kapuloeran goela woengkoel, tapi meunang kapuloeran onderneming onderneming (oudernemersvraag)

Tjeuk t. v. d. Eijk, naha bantoean noe saroea kitoe lain kawadjabana ondernemersbond? Di jawab koe Voorzitter, noerwetkeun timbangan mauehna, leuwih hada dipitembejan koe oerang.

Tjeuk t. v. d. Eijk, perloe dikanjahokeun heula semet koemaha kaperloean goela kana ieu propaganda. Goela teh koedoe bisa nangtoekeun, jen bakal aja hasilna tina eta propaganda. Noe njarita nanja, naha koe pang djarungna (wacht) gedeputerdeu oerang teu bisa boga pangaroeh noe dipikahajang koe oerang?

Ari djawab voorzitter. Lantaran ieu teh lain perkara kaperloean oemoem (njaeta belangen kwestie) djadi pangharepan teu sabaraha tina pangdjarungna gedeputerdeu.

Tjeuk t. Acket, perkara noe nomer hidji koedoe dikanjahokeun, njaeta koemaha sikepna regent-regent kana propaganda noe diadjam tea.
Lamoen daraekeun babarengan digawe soegan loba noe bakal katapi.

Tjeuk voorzitter, toean Tideman oge hajang bisa meunang pangbantoe ti dalem dalem.
Timbangan noe njarita lebah dieu teu perloe babadaman djeung toean Engelenberg djeung manehna ngarti, Hoofd. P. E. B. bisana skoeur kana sakomaha noe ditangtoekeun koe P. E. B. Departement ti Djawa wetan.
Ieu taritaan voorzitter koe t. Tichelaar dihaminan.

Toean Tideman asoep kana vergadering.

Sanggusna oeloe salam-moen di-oerang-oerang mah teroes koe voorzitter sira ngadatarkeun maksodna.
Tjeuk toean Tideman, Maksod P. E. B. Djawa wetan njaeta di oengkal oengkal kaboepaten rek propganda pikeun milih elid raad kaboepaten di Prov. engke dina taon 1927. Oengkal kaboepaten sira dihauteu ditjok koe hidji propagandist. Eta propagandist prop-gandist sira ngadekkeun hidji pagoeojeban saperti noe geus diadegkeun koe Dalem Biora.

Lantaran Dalem Biora loba baraja barajana di Djawa Wetan, gede pisan pangabarepan kana bisana ngadekkeun pagoeojeban - pagoeojeban saperti di Biora sarta make pertoeoengan Dalem-dalem.

Dalem-dalem teh perloe boga djelema noe noeloeng ka maranshanana, sabab propagandisten teh nja sira noeloeng Dalem Dalem tea. Eta propa ganda lila sakoerang-koerangna 10 boelan lamoen hajang aja boeahna mah. Koe sabab eta perloe gantjang mitombejan, bisi kaelatan keur dina waktoena milih.

Lantaran eta pagoeojeban-pagoeojeban noe rek diadegkeun tea koedoe meunang kapertjajaan djeung meunang balad, djadi teu bisa narik kontertisi kapaksa propagandist-propagandist teh dirobah koe P. E. B. Saoranga dina saboban teh perloe make f 75, ieu teh geus ngoeroeng oeng makan djeung oeng djalan. Pikeun 23 kaboepaten di Djawa wetan dina djero 10 boelan teh koeloe aja doeit f 17250. Soepaja dina waktoe milih tea engke dina taon 1927 oerang bisa sadia, perloe boga verkiezing-fonds 20 rehoerapia. Koe lantaran P. E. B. Djawa wetan teu bisa ngajakeun doeit noe saktioe lobana, noe njarita nanja, naha J. S. W. B. (pabrik pabrik goela) teu bisa noeloengan? Lamoen bisa ngadjarungna rek mere pangdeudeul, noe njaritakeun rek menta deui toeloeng ka maskape-maskape (oudernemers) noe sedjeu.

Samemeuh voorzitter ngadjawab pertaujaan toean Tideman, manehna nanja heula, nepi ka mana kira-kirana Dalem-dalem daekna noeloeng.

Noerwetkeun timbangan toean Tideman Dalem-dalem teh aja 3 roepa: **Dalem lembek** (slappe) Dalem asa-asa (madag majong) (weifelende) djeung Dalem noe daek mantoe (openlijk medewerkende) Oerang ngamimitian teh koedoe djeung Dalem noe 3 djeung timbangan noe njarita, oepama keur Dalem-dalem noe daek mantoe tea bisa meunang gandjaran biutang (decoratie) atawa naon bae, bisa djadi ieu matak narik ka noe sedjen. Djeung lantaran Dalem dalem bangsa kiwari mah teu soeang tjara bahenla bhari, lantaran revolutionaire propaganda, abong moen teu daraekeun miloe kana hidji pergerakan noe meunang ngoetkeun kapangkatan maranehanana. Ajeuna mah koedoe leuwih-leuwih ngadjarana kahirospan maranehanana batau bahenla.

Noe njarita toeloej njaritakeun pamangcinna ti kajaaran Dalem di Djawa wetan. Kaboeektian manehna bisa ngaharep kana toeloej-jangnana Dalem. Toeloej Ageoeng, Ponorogo, Pasoeroean, Proboinggo, Loemadjang, Sitobondo, Banjarwangi, Djember, Djombang djeung Kraksaan. Dalem-dalem noe sedjen, noerwetkeun timbangan noe njarita, lembek atawa mandog majong. Tapi lamoen manehna ngamimitian djeung Dalem dalem noe daek mantoe tea, kawasna noe sedjen oge daraekeun.

Tjeuk voorzitter: Oepama kitoe dja di Dalem-dalem teh djadi toelang tonggogna propaganda. Koe lantaran hareto geus kadjadian toean Engelenberg rek ngadekkeun pagoeojeban Dalem-dalem sarta eta maksod koe Pamarentah teu pati ditjotjogan. djadi ajeuna perloe njaho, koemaha kirakirana sikepna pamarentah kana maksod noe ditjaritakeun ajeuna. Lamoen pamarentah tetep dina stand-punt noe b. rebo, nja eta teu pjujogon ka bestuurmbtenaren (B. B.) djadi loeloege pagoeojeban noe dibantoe koe Kaom modal kolon, noe njarita risi, dimana engke kapanggih lakoena kaom modal, ti noe loehoer engke moal meunang toendjang.
Tjeuk toean, Tichelaar - nempas omongan voorzitter. Kajaaran kiwari beda deui djeung waktoe Engelenberg

Ti pipir hawoe.

Lah, ampoen, kakara ge bisa loenta ka djalan, djoemarijdjeug kenah leumpang oge, katjoegak koe kaliage, kamari ieu di pasar djoemarijdjeug kenah leumpang oge geus kerewek aja noe njokol, di tengah djalan mere masalah noe moeski!
Pokna teh: „Ieuh, Gelenje, lamoen aja djelema njanjabana diongkosan koe batoer, satjoekopna: ongkosan koe djalan, ongkos dahar, heug moudok di djelema noe sahadapeunnana, nja pangkatna, nja pangabogana.
Dimana eutas ngareb doea tiloe peuting golosor 5 ketip mereana teh „Ka boedjagna?“ „Is lain, ka pamadjikanana atawa ka lalakina?“ Tah euj noe kitoe, naon ngarana?
„Keselaban, soegan teh enja, masalah moeski „Njaliksik ka boeok leutik, bisi teu njaho alias persetan, Haling njujur Djone-rij!
Tong datang deui ka Kal aeh, teu ketah.

Gelenje.
Pirakoe deui, noen!
Corr.

rek ngadekkeun pagoeojeban Dalem-Dalem.

Tjeuk voorzitter: poegoeh ari kitoe-na mah sarta sangkannana oge Pamarentah kawas bakal tjotjog kana ieu maksod, tapi ieu koedoe bisa ditangtoekeun heula, ti dinja kakara oerang bisa neroeskeun noe ditjita-tjita.
T. v. d. Eijk nanja ka toean Tideman, naha geus ditangtoekeun tanggalna pikeun milih?
Lantaran Toean Tideman teu bisa ngadjawab hal ieu.

Tjeuk toean v. d. Eijk bisa djadi noe 10 boelan disoetkeun koe t. Tideman, engke ngalilalan. Atoeh matak ngarobah kana kajaaranana doeit.
Hal ieu, tjeuk Voorzitter teu koedoe djadi halangan, asal boeahna aloes.

Tjeuk t. v. d. Eijk oepama iend kana beuheunanguana propagandienst P. E. B. (nja eta „Djamatol Hassansah“), noe teu sipira maneh hambam kana aloes boeahna propaganda noe ajeuna.

Tjeuk t. Tideman, pergerakan „Djamatol Hassansah“ lembek, djeung ngaroeskeun bab agama bae, teu miloe kana economie djeung politiek. Eta pagoeojeban teu daek nahan noe enja kana pergerakan noe revolutionair, beda deui djeung pagoeojeban-pagoeojeban noe dimaksod koe manehna, noe koedoe nahan kana pergerakan revolutionair. Pagoeojeban Dalem Biora nepama noe dipake pamengkeut teh at sarta djadi tandingna Kaom moe noe ngahina kana adat boeboen.
Tjeuk Voorzitter, waktoena koe mitembejan ajeuna mah leuwih aloh batau waktoe toean Engelenberg rek ngamimitian.

Ajeuna mah aja noe koedoe diperrangan, baroto mah teu aja.
T. Schuurman, nanjakeun sakoemaha geudea pagoeojeban - pagoeojeban noe aja di Biora djeung pg. Mardi Poerno di Magetan.

Djawab t. Tideman, lobana elid elid bol oedjoeg oedjoeg reboean, tapi manehna ngelingan, ngoekoerna tanaga hidji pagoeojeban oelah koe lobana

gojoeban, nja eta soepaja baroedak palinter sarta achina gampang njaar kahiroepanana, da pangarti djeung kapinteran teh djadi pakarang keur njaar kahiroepan.

Nendo boekti-boekti ajeuna, rereana bangsa oerang anoe ngabogaan pangarti bawa ti sakola teh, dilojog-keunana teh, ngan kana djadi kaom boeroeh, geus teu koodoe ditjaritakeun deui, anoe memang hajang meunang kapangkatan mah.

Ari dina kalangan paboeroehan tea, ajeuna mah geuning sakitoe boektina, oelah bon anoe kaknra kulocarar ti H. I. S. tjtjakan anoe ti M. U. L. O. oge geuning sakitoe seueut seuatna kana meunang kahiroepan teh, anoe sakudarna tjoekep geusan pangoepea diwanu.

Rea bangsa oerang anoe achii mi kir, henteu mikiran koemaha pitarekaneunana, soepaja baroedak bangsa oerang, oelah sina resep teuing djadi kaom boeroeh, sabab arang langka pisan, anoe bisa djadi kabuehgarau tina ladang boeboeroeh mah, malah anoe ngan oekoeur tjiplés teh, keur kaperloean hiroepna beunang diseboet oentoeng, ari rereana mah nja . . . biasa bae.

Ari tjelek achii mikir mah, teu aja deui paham tarekahna, soepaja bangsa oerang djeung lemah tjai oerang bisa madjoe, sabisa - bisa baroedak oerang teh, oelah rea teuing anoe djadi kaom boeroeh, diadjar hiroep matjakal sorangan, oelah tina sagala roepa teuing goemantoeung ka batoer teh.

Naha kira-kirana baroedak bangsa oerang saenggeus kaluar ti sakola bisa sina hiroep matjakal sorangan? Di lemah tjai oerang geus aja (ari rea tatjan) Vakscholen, nja eta sakola toekang-toekang, tapi aneh ari geus kaluar ti sakola teh, bet lojogna teh kana koeli di deungeun bae.

Masing kaloean sakola partikoelir oge, ari karereanauna mah nja kitoe keueh bae.

Ari karereanauna sakola partikoelir di lemah tjai oerang teh, meh saka roepa pisan djeung sakola-sakola anoe dijadikeun koe pamarentah, nja eta anoe digedekeun teh tina bab basa Walanda. Geus teu koodoe ditjaritakeun deni ari sakola anoe meunang soembangan ti pamarentah mah, masing anoe henteu oge, nja basa Walanda anoe digedekeun teh.

Ajeuna oerang malikan deui bab kaom boeroeh.

Anoe katjida dilamoenna koe baroedak bangsa oerang, oepama geus kaluar ti sakola, hajang meunang pagawean di kantor - kantor. Djadi Cumies atanapi Klerk, satjapelnana oge djadi Djeroetoelis.

Ari kapoetehna kantor-kantor tea, nja eta koe djalma anoe bisa basa Walanda, lau bae kantor-kantor Gouvernements anoe kitoe pamarenta teh, sanadjan kantor - kantor partikoelir oge, nja bisa Walanda tea bae.

Djadi baroedak bangsa oerang anoe barisa basa Walanda teh, asal boga pakarang anoe math pisan geusan njaar pikoelir teh, geus teu ngalamoen saeutik-eutik atjan kana hiroep matjakal matjakal sorangan mah, sabab koe maranehanana mah tatjan karasa koemaha krip-kebauuna ngatoer kahiroepanana anoe djadi kaom boeroeh.

Rea bangsa kolot anoe njarita, pangna boedak sina bisa basa Walanda teh, henteu pisan-pisan boga niat, anak sina djadi kaom boeroeh, ieu mah ngan sina pinter, boga pangarti geusan njaar kahiroepan, malah koe kahayang sina bisa hiroep matjakal sorangan, sabab djadi boeroeh teh geus karasa koe sorangan.

Pangarti djeung kapinteran baroedak bangsa oerang teh, koodoe boga, atoech moal bisa madjoe lamoen henteu boga bakal eta mah.

EMBARAN.

Maparin terang di kantor Kaboepaten djeung di kantor-kantor Kawadanan di aldeeling Tjiamla, diaditakeun pikeun soegri noe hajang terang ontwerp-ontwerp noe kaseboet di bandap Heu.

1. Ontwerp hal stoeran ngalakeun djeung moengot padjeg pasar - pasar didjero Kaboepaten Tjiamla.
2. Ontwerp hal stoeran niteun djeung ngadioel roti di djero Kaboepaten Tjiamla.
3. Ontwerp hal stoeran pasar-pasar noe diadegkeun koe djalma atawa koempoelan-koempoelan partikeelit atawa desa-desa di djero Kaboepaten Tjiamla.
4. Ontwerp besluit hal angkatan-lepaan djeung kaentoenganana pamarentah desa didjero Kaboepaten Tjiamla.
5. Ontwerp hal stoeran pasanggahan-pasanggahan didjero Kaboepaten Tjiamla, djeung
6. Ontwerp besluit hal stoeran Loembong djeung bank desa didjero Kaboepaten Tjiamla.

Ontwerp-ontwerp Heu tiasa digaleuh di Kantor Kaboepaten Tjiamla.

Tjiamla, 8 Juni 1926.

Boepati Tjiamla,
SASTRAWINATA.

TOKO

Universeel - Agentschap Nic. MULLER.

Tasikmalaja.

Goenoengladoe 15 - elf. No. 26.

Ngitjal sarga roepi landong patent Pilaudongeun (Chemicalien).

Anggoer obat.

Roepe-roepi kembang goela.

Roko -Soeroetos - Sigaret.

Tjelep (sipoehan) roepi-roepi.

Ngilari di tempat ageng / gent noe bade ngadioel obat-obat, sareng djelem noe nanggoeng ngoeriling dagang obat.

Noe moendoet prijscourant dikintoen gratis.

Hoermatna
Nic. MULLER.

Vlechterij „LUX“

Sajagi roepi-roepi karadjinan tina anjaman moerbet model anoe dipikapalaj koe djaman. Damelan kenging diabenkeun, pangas sedeng. Mangga tarin-galian. Moendoet kango itja-leun deni sae badanten.

Hormatna
anoe ngat tos ngantos pesenan

Vlechterij „LUX“
Tasikmalaja.

TEGELFABRIEK

„NAJA“

Ajeuna di djalan Tjieuhteung tilas H. I. S. Pasoendan

Nampi pesenan roepi-roepi tegel, damelan sae ditangel sareng mirah. Pertjoetoean dikintoen pertjoemah, mangga maroendoet sareng tingulian.

Directeur.

IMPLIK-IMPLIK

Kembang Sedepmalem.

(Moeng kanggo S. P. bae)
koe K.M.

Samboengan S.P. No. 51

Koemaha ieu kareta? Ke atoech rek balik heula bae, toenggoe na pengkolan kidoel.

Mangga gan, oelah lami bae, ambeh rada senang ka ditoena.

Sado neroeskeun leumpangna moe roe ka kidoel, teu tolih aja noe rek njewa oge, basana? aja noe dipapag keun ieu mah! ka noe sanes bae.

Teu koengsi saprapat djam eta doa sohat dalit geus pada neroeskeun maksadna aja noe arek diteang.

Tjing-sing hasii at-eh ka! naha ki ra kirana moal aja halangan?

Anoe parantos mah kapan abdi teh tara gagal, gan! tembal Koelir; ngan kamari ieu noe matak handeueul mah naha agan teh angkat kamana diko taktak, di kota mani teu kapendak, toeng rai mani geus nangis bae dina sado, keuehul ongkoh kesel ongkoh lami teuing dibabantoen pelesirna.

Atoech koemaha da rea detil oeroe seuu, rea gawe mani teu bisa ka djalan djalan atjan.

Pendekna sakali ieu oepami teu n-

TOKO

Universeel Agentschap

NIC MULLER

TASIKMALAJA

Goenoengladoe No. 15

Telefoon No. 26.

Sagala roepa obat-obat Patent sareng Chemicalien.

Tjelep (sipoehan sindjang).

Landong roepi roepi sapertos:

- Landong njeri boel
- Landong soepados tiasa koelem
- Pil koeras maus
- Landong panas anggoeun moerangkalih
- Landong intjok
- Saboen anggoeun kasawat koolit
- Landong noe lembek salira soepados djagdjang

Landong gongoj sareng mergi

Zalop boeloe koeuug sareng bodas

Kompa pinareup

Wedak roepi roepi

Pel njenjapan

Landong njeri kahampangan

Castor olie noe diuostgkoes

Creoline, Karbol

Kompa istri

Landong njeri beuteung tadjam

Oebar kokoloteun

Landong angkeng

Kain karet No. I.

Landong kiat ka . . . ?

Landong kaktiatu moerangkalih soepados montok

Limoen pergasi

Landong paranti moeragkeun boeloe kelek

Oebar raheut

Oebar paranti dikoeamas

Oebar toemtiia

Landong kaktiatu salira

Perbau pernaan. kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjelep badje atanapi kain kain roepi roepi warui.

Model, moerah, aloes.

Moendoet bae prijscourant (boekoe pangas) kenging pere.

Sadaja barang kenging pesu remours. Mangga tingali koe audjeun ka toko.

Noe ngantos
Nic Muller.

TOKO PASOENDAN

TASIKMALAJA.

N. B. Noe ngagaleuh kontan.

- 10 boekoe doegi ka 19 a f 0.48
- 20 " " " " 39 a f 0.40

Djabi ongkos.

Ka ahli sareng ka noe bade tani bade ditjal 515 bade kebon (tatadjoeran) eni roepi-roepi palawidja tjoe sareng kirang langkoeng 80 kiti loe hoer satangtoeng, pamiraan berae diatoer. Ajana di Paroengsari Kale-renn Kawadanan Bandar perjalanna 15 menit ti setation. Sae tarin-galian heula. Hal pangas badanten ka

TOKO PASOENDAN
Tasikmalaja.

Wawatjan Keng Hajani

(Malati di kota Padang)

Karangan Boedjangga Soenda moal aja noe biseuk ka Djoeng. Mangoen dikaria. Basa sareng suti maroenjalimit beresih, tjarios beh dieu pisan di Padang. Pangas f 0.50 kenging ti

Noe ngantos
Nic Muller.

TOKO PASOENDAN

TASIKMALAJA.

N. B. Noe ngagaleuh kontan.

- 10 boekoe doegi ka 19 a f 0.48
- 20 " " " " 39 a f 0.40

Djabi ongkos.

sil teh, beu . . . Mangga autos sakedap. Djeroet koesir toeroen bari moeroenkeun sarengna tina goeloen-guanana, indit tari ngosap koemis ngeloei ngeloeikeun pipahna.

Lala kang koesir dedeheiman dipakarangan batoer, harita geus meh nutjak wajah magrib. Djelema-djelema geus merenah dina pangsalatana ngadago waktoe sneutik deui, sareng warah kakara mantas waloel, katara leungeun badjoena masih njerelek ka loehoer.

Koesir roepana bae geus rada kesal dedeheiman toeloej tjingogo di pipir imah deukeut djandela anoe harita masih keueh moeka sabelah. nja

TOKO BOEKOE

M. I. PRAWIRA WINATA.

Katja-Katja WSTAN IGA BANDONG.

ENGGAL FOENDOEΓ SALABARAN

Wawatjan Sadjarah Ambia.

Hilji boekoe (kitab) anoe kedah dipoesti poesti koe sadaja Kaom Moeslimin anoe iman ka Pangeran. Eusina ujarioskeun ti ngawitan Goesti Allah ngadamel: Noer Moehamad, Hidjaboei rohman, Djoer ihwal, Sawarga, Malaikat, Widadari, Arsa, Koersi, Lohmahfoed, Loh kalam. Sadjaratoemoentaha, Lakalhamdoe. Naraka, Alam laot, Angin Toedjoeh lapis langit, Boemi ping pitoe, Dingdingjalal, Boelan, Beantang, Srangenge, Bangsa Djan, Ibnoedjan, Malaikat Idadjil Tapel Adam, Nabi Adam, enz. enz. toetoeog doemoegi ka poepoesna paue-tan oerang Kangdjeng Nabi Moehammad s. a. w.

Oepami parantos maos salabarana kantoen ngamanah-manah.

KOOP EN VERKOOP TWEEDHANDSCH BOEKEN.

Moderne talen. Werken op elke gebied.

Boekenlijsten gratis

Pribados ajeuna moeka waroeng di Leng-kong pajoneun Kantor Provinciale Werken ngadioel sagala roepi kaperloean sadidinten; Beas Minjak tanah, Saboen, Sesepeun sareng seueur-seueur deui.

Mangga bae saroepping barang galeuh.

Hoermatna

ROEKANTA

L. S.

Sareng ieu sim koering ngawartokeun ka Para Langganan sadaja, jenu toko sim koering bade dipindahkeun ka Bandoeng.

Ajeuna barang-barangna bade diitjalku heula sadajana, nja eta di-toerhenkeun pangasna, anoe sapaalih dipotong 10%, sapaalih deui 20%

Oepami Para Djoeragan bade ngagaleuh mirah pisan, mangga enggal soemping ka toko, bilih kaberoe sepeun.

Hoermat simkoering

Toko boekoe

L. A. LEZER

Tasikmalaja.

Ngilari sareng enggal lebet kana damel 2 istri toekang Bordu anoe parantos paham ngadamel raksoekan ujoeh-njonia Tiang Hoa.

Serat-serat katrangan paran tos didamel dimana mana keulah dilampirkeun sareng dina lamaran kedah nerangkeun sabaraha moendoet gadjih.

Noe ngantos
Njonja Gouw Na Hiang
Handelstraat Bultenzorg.

BADĒ KALOEAR dina sasih September 1926:

„EMPAT BAHASA HINDIA“

Boekoe pangadjaran pikeun diadjar sorangan bahasa **WALANDA-MALAJOE-SOENDA-DJAWA.**

Karangan
L. A. LEZER.

Keterangan kenging gratis oepami ngintoen adres ka
Toko boekoe L. A. LEZER Tasikmalaja.

eta bae noe dipandaog teh dipalar soepaja bisa kanjahoan saba noe meundeutkeunana.

Kabeuran teu sakomaha lilana aja ramo katombong rek meundeutkeun djandela, ngagentak tjeugkat bari ngadehem laloenan.

Noe ti kamar nempo sarta sidik ka na dedeganana, moal salah deui koesir noe sok neang. „Ah, moal tiasa ajeuna mah.“ laloenan pisan sorana datangka meh teu kadenge ti loear.

„His mangga gan, itoe parantos karing ajeuna ngantos dina sado, wantoen soempah dem Allah, teu lepat mangga enggal.“

„Mangga enggal bae, gan!“ toekang

sado geus teu hijang deui ngade panolak noe didjaku: „Mangga ag, alah naha aja kaleresan teu kamandjaja wesa roeroempaheun m parkeun Dewi Kath: anoe mashoe geulis saboeana, enggal Eueng mang g.“

„Moal tiasa ajeuna mah!“

„Na koe naon djoeng? pirakoe radja, make nolak . . .“

„Ah teu tiasa bae. moal pendekna mah!“

„Naha kapok kitoe engeng teh? wah pirakoe datangka kapok ngaman, mangga . . . iboe dimana naha keur kamana?“

(Aja samboengnana.)

Naha teu aja deui djalanna geusan njiar pangarti djaba ti koe basa Walanda?

Atoeh lamoen enja mah, baroedak bangsa oerang teh, sahien-bisa hajang oelah teu teuing anoe djadi kaom boeroeh, eta bae koedoe rada dikorangan tina diadjar basa Walanda, da kapan nja eta pisan anoe djadi parobot kaom boeroeh teh. Ah eta tjanah keur njiar pangarti, da henteu koerang elmoelmoel anoe dina basa Inggris, parasman djeung djaba ti eta, ari keur njiar pangarti woengkoel mah, pirakoe kakeurangan.

Djadi lamoen baroedak bangsa nerang, henteu ditampa menta pagawean ka kantor-kantor lantaran henteu bisa basa Walanda tea, nja kapaksa maranehanana mikir - mikir hiroep nangtoeng sorangan. Komo lamoen geus boga pangarti anoe beunang diadjar make sedjen basa tea. Atoeh moal sakoemaha ngabigeugna, malah leuwih lale lamoen anoe njampak pibahaneunana, kawas uon pibahaneunana. Geura baroedak bangsa oerang anoe barisa basa Walanda, masing aja bahan oge warisan ti kolotna, da boga pangarti basa Walanda tea, ari karereunana mah napsoena teh nyan kana koeli di deungeun bae, da hajang meunang kapangkatan tea.

Meureun aja anoe njeboet kieu. Poegeh eta aloes pisan kitoe teh, lamoen di anoe aja bahanna mah. Tapi koemaha lamoen noe teu boga? Nja, ari keur anoe teu boga onaman, dalah dikoemaha, lamoen kapaksa-paksa teuing mah koedoe koeli, komo lamoen anoe boga bekel basa Walanda tea. Djadi rada aja pangharapan kana leuwih rea beubeunanganana, sabab anoe sedjen rea anoe matjaka sorangan tea.

Pondokna tjarita meureun oerang teh silih agehan kahiroepan, henteu pareboet teuing kana pakoelian. Oelah bingoen njarita pedah teu bisa basa Walanda, tapi koedoe toegenah moen teu boga pangarti, geusan njiar kahiroepan, aue matak perloe diadjar basa Inggris, anoe meh djadi basa sadoeunja, komo tina perkara dagang mah.

Tjek soerat kabar S. P. di Soerabaya geus diadegkeun hiji sakola partikoelir, anoe ngadjarana make basa Inggris, basa Malayoe djeung basa Arab. Ari sababna basa Inggris teh, djadi basa sakoeliah doenja komo deui moenggoehing di tanah Europa mah, ari basa Arab, djaba ti keur kaperloean agama teh, kapan dina basa eta oge, henteu koerang elmoel anoe loehoen, kapan kapiuteran oerang Europa ajeuna oge, henteu koerang-koerang anoe asalna tina basa Arab. Ari kaperloeanana basa Malayoe, geus teu koedoe ditjaritakeun deui, da kapan nja eta pisan anoe djadi basa sakoeliah tanab Indouesia teh.

Ari ngadjarkeun basa pribonmi djeung basa Walanda mah, koemaha sempetna bae. Naha kira - kirana oerang Soenda bisa ngadegkeun sakola anoe saroeupa kitoe? Tapi lamoen enja-enja mah sageuj lamoen teu bisa, sabab ngadegkeun sakola partikoelir anoe make dadasar basa Walanda mah, geuning teu berbeung barisa, kawas moal sakoemaha bedana.

Teu koedoe ngarobah sakola partikoelir anoe ajeuna geus aja, nyan lamoen rek ngajakeun deui, ari kaha jang teh, nja tjara anoe disebet tadi tea, malah mandar bae, maksoed oerang najang soepaja baroedak oerang rea anoe hiroepna bisa matjaka sorangan.

Moal koe saha deui dipalikirana kadjaba ti koe oerang sarerea. Patriot. Bandeng, 8 Juni 1926.

KABAR.

(Keur noe teu matja s. k. Walanda). Luitenant Generaal Hindia Gert van Wijk noe keur perlop di Nederland djadi lid koemisi atoeran balatantara (defensiecommissie).

Tanggal 5 Juli 1926 A. M. S. di Solo diobeka. Noe menta djadi moerid aja 140. Noe hakal ditampa 90 dibagi djadi 3 klas. Noe djadi Direktoer Dr. Stuttec heem ngadjar Cultuur Indonesia djeung babad kabinangkitan (kunstgeschiedenis), Dr. Pigeaud ngadjar ba-

sa Djawa, Toean Bakker, ngadjar basa Djawa, Toean Kaptijn ngadjar basa Inggris, Ir. Cligneth ngadjar wis kunde, Raden Katami ngadjar ngagambar djeung T. Bakker ngadjar gimnastiek.

Volkraad.

Di Volksraad T. 's Jacob njarita di na 'gemeene beschouwingen (pamoe-ka papariksaan) jen begroeting Hindia tatjan beres sakoemaha mistina. Menta soepaja Pamarentah ngajakeun roepa-roepa atoeran, tapi oelah make dadasar leuleuwihan begroeting taheun 1925.

T. Gongrijp katjida atoeunana Toean Jhr. Mr. De Graeff djadi G. G. sarta ngadegkeun soepaja Hindia geuwat beres dina sagala roepana, lantaran bakal aja papaseaan di Laotan Gede (Pacific). Menta soepaja Pamarentah leuwih keras ka Soerat kabar Tiouhwa djeung Malayoe. Menta soepaja bis 153 djeung ter 153 didjalankeunana leuwih keras.

Koran-koran Friboemi koedoe ditahan samemeuh djelema malioenan karoeng koe eusina eta koran. Djoeragan Soeroto nimbang jen pamogokan di Soerabaya teh aja oge dadasarna economie.

T. Zuyderhoff njaritakeun rea noe teu taroga pagawean sarta menta soepaja pagawe Walanda ditangtajoengan, lantaran beuki lila beuki rea bae pagawe bangsa asing.

Moepakat kana oerang pribonmi parindah ka tempat kosong. Moepakat katjida kana djawabanana Dr. Koningsterger Minister djadjahan di Nederland tina perkara pertanjaanana Lou de Visser tina hal kapinis. Bangsa Kapinis di Indoneiasa koedoe leuwih-leuwih ditjagara samemeuhna djeung saenggeusna ngadjalankeun koedoe didjaga atawa ditalingkeun bener-bener. Katjida handjakalna, doemeh ajeuna bangsa Kapinis kakara dipekarakeun oepama geus prak ngalampahkeun ari benerna koedoe samemeuhna. Nanja ka Pamarentah naon sababna sakola kapinis henteu ditoepep.

Toean van Lonkhuijzen nimbang perloe nambahan pangudjaran vak. Opcnten koedoe dileungitkeun kabeh memeh meuli tanah partikoelir. Katjida handeueunana lantaran loedjoean Pamarentah tina perkara koemisi gawe (arbeidscommissie) di Deli saperti ajeuna.

Toean Aajj njebatkeun jen G. G. aloes oge ngadjalankeun pagaweanana tapi moega - moega bae G. G. ajar nimbang jen pagawean Administratie ajeuna teh katjida mohalna sarta administratie Hindia diberesna soepaja djadi pondok.

T. Ezerman menta soepaja ka hareup kaajaan di loear poelo Djawa leuwih ditalingkeun ti batan ajeuna.

T. Kan nauja, koe lantaran licentie mdad dileungitkeun, naon noe rek didjalankeun keur nolak mdad gelap. Menta soepaja artikei 109 R. R. dirobah.

Nepi kana naon ajeuna perkara saroeunana (gelijkstelling) Tiouhwa djeung bangsa Eropa.

T. Laoh nimbang jen oetoesan di Volksraad ti loear poelo Djawa saeutik teuing dibandingkeun djeung oetoesan ti poelo Djawa T. ten Berge menta opcenten padjeg kasab dikorangan 4 1/2 djeung opcenten venootschapsbelasting 2 1/2.

Djoeragan Soerono njaritakeun karanganana T. Tideman dina Vrijziunig Weekblad. Menta dibektikeun oepama eta enja atawa noe noelis sinua menta dihampoera oepama teu enja.

T. Roep menta oelah keras teuing narik padjeg toenggakan taheun 1920. T. Schneider menta aja koemisi keur ngeroes major boelang Goepemenen.

Djoeragan Djajadiniugrat njaritakeun karahardjaan Indonesia, Pamarentah koerang njaho kana karahardjaanana oerang pribonmi, boektina nepi ka ngajakeun koemisi sagala.

Ngadjalankeun politiek rahardja teh katjida hesena, menta soepaja diajakeun hiji badan (speciale dienst) keur ngadjar karahardjaan somah.

T. Eugelenberg teu moepakat nga basmi kapinis make djalan Regent regent. Propagandadist P. E. B. di Djawa wetan beda deui pagaweanana Regent regent teh leuwih loehoer pikirana ti batan noe ditjaritakeun dina Vrijziunig Weekblad.

Ti Djidah ka Mekah geus disadiaan

pikeun narikan kaom Hadji 26 Auto-busdient noe geus sadia.

35 Chauffeurs noe berdiploma dipingpin koe 2 technicus oerang Itali djeung Griek.

Moega-moega ka hareupna bisa troes ka Madinah, koe djalan kieu eunteung waragadna ka Mekah teh.

Ti Djidah baris datang ka Tandjoengpriek Hadji-hadji kira tanggal 7 Juli dina kapal Ajax. Tanggal 29 Juli kapal Kangean. Tanggal 2 Agustus kapal Ternate. Ieu kateh marawa Djamaah-djamaah anoe maroelang.

Harga karet di Batawi sa pond f 1.07, 1 pikoel kopi f 51.— Harga goela di Soerabaya sa pikoel f 11.40. karek sa pond f 1,07, kopra sapikoel f 18,75, kopi f 62.—

Toko SOENDA TASIKMALAJA.

Telefoon No. 56

Ngawitan dina ping 20 Maart prantos disajagikeun roepi-roepi sepatos, slop sandel, troempah, anoe didamel tina Crepe rubber, oepami anoe tebih kenging pesen koe serat asal disebat nomerna, doepi kaktianana teu kautos dipoejdji deui, margi parantos pada oeninga.

ADRES noe parantos KASOENG DAEJAN

Toekang Mas Reemah No. 18 Tasikmalaja.

Ngital roepi-roepi perhijasan tina mas sareng perak, sareng nampi padamelan, sapertos: Ngadamel pinggel penitih, lelepen sareng sanes - sanes deui, ongkosna kenging mirah palamelar: di tanggal sae sareng enggal.

Ngital roepi-roepi erlodji. Sapertos: Erlodji sakoe, erlodji tangaan, tina mas, perak alpaka merek election sareng sanes-sanes deui merek mangga djoeragan-djoeragan enggal saremping soepados kaeeninga.

Tina tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging Medali Mas. EEREDIPLOMA

Schoenmakerij en Kleermakerij "Malah Mandar" Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tina nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi rakoekan anggeun pameget atanapi moerangkalih modalna tina noemoestkeun sakoemaha kapalai, sareng disajagikeun roepi-roepi la-woona.

Oge nialagian slop-slop, sandal-sandal spate-spatos kateh oedeng model Djawa sareng Soenda Kopoh boeloedroo noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poea

O. Sasmita.

N. B. Toedoeng Panama noedidamel tina palin f 8.— " " " " djaksi f 2.50 strobis (pamoelesna) f 0.25

TENTOONSTELLING sareng PASAR MALEM DI GAROET.

17-18-19-20-21 Juni 1926 Kekenging tatanen ngoeroes sasatoan karadjinan oerang Soenda barang koend. Krontjong concours - katjapi concours - worstelwedstrijden - maen bal De Bruinen ti Bandoeng - Openlucht bioscoop Ogel E'on ssdj. Programma kenging moendoet ti Hoofdcomite Garoet.

Dr. Tan TJOEN HAIJ

ARTS.

Di Kebondjoekot Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina

Djr. Dr. Sa'eh Marhoem

Waktosna.

Endjing-endjing 7-9

sonten 4-5

FROM

TABIB FAZAL MOHAMAD

HINDOESTAN'S MEDICINE SHOP

TJHIDEUNG No. 14 TASIKMALAJA.

VERKLARING.

Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitatan Tasikmalaja nerangkeun kamandjoeranana oepar ti Toko Fazal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjaba koe sim koering babakoena tina perkara oepar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tawih jen koedoe dibelek (operatie). Tapi saugeusna sim koering dioebaran koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet di loehoer, bisa tjageur teu di belek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebatkeun di soerat kabar estoe henera. Toer ongkosna moerah pisau, lamoen dibandingkeun djeung bangeana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer

H. A. Cartobie,

Jang lain dari itoe ada hanjak jang kasih paejjan saperti:

Dari; Toean Buirger Noesa Kambangan Tjilatjap.

Toean Moh. Bawahir Tjilatjap.

Hadji Abdoel Hamid Tjilatjap.

Toean J. A. Tan Djokjakarta.

Toean Basiroean Delangoe Djokja

M. Prawiro Djokja Toegoe.

M. Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja.

R. Wiria Manondjaja. Toean M. I. Pieters Koetoardjo.

M. Soma Tjigodoeg Garoet

SIK DJOEN KWAN TOEKANG GICI

Tjhideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hi-roep senang sareng kasehatan, dina barang toeng kapalaj teh anoe parelem anoe raras bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeng eta sajaktosna nambihan oelah, teu karaos njarelpuna dina waos, lami lami ngagoendoe ka lobeet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropuk.

Di dieu hade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeleong koe ahliua (loekterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat laleudeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungar, teu aja napsoe kana barang toeng sareng sanes-sanesna. Ieu saaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeug pirang-pirang oelah.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandougan koe sim koering kalawan ditanggal.

Nja kitoe deui njajagikeun waos pasloe, poslen, toelang, perak, emas saniskaanten nja. Ngaratakeun waos ngabereshan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat koemargi kieu, tangtos djadi ngawuewueh tjahaja.

Njajagikeun deui panon pasloe. oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandouganana koe njonja, nja eta poen bodjo,

Anoe ngantos pesenan a sarempingna, SIK DJOEN KWAN Sarimbis.

Berlanggananlah!

"ORGAAN PERDATA"

(Organ Perhimpunan Dagang dan Tani)

dikeloearkan saban tanggal 1 dan

15 tiap boelan

oleh

H. B. PERDATA

Oude Kerkhofweg 34

BANDOENG.

Harga langganan boeat 3 boelan

f 1.50

DOCTOR SOEKARDJO

Heerenstraat No. 18

(Poengkoereun Masdjid)

Nampi tamoe oenggal

dinten.